*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 88 (25817)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 23 май — зæрдæвæрæны мæйы 23 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

**2** НЫСАНТÆ
*Цæгат Кавказы экономикон хъомысæн*

**3** УЫЙ ТА УЫН ЕВРАЗИАГ ЛÆГ
*Александр Дугины “ахъаззаг” лæвар*

**4** СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Футбол*

Стратегийы нывылад

## Нациты ‘хсæн ахастдзинæдтыл — ныхас

**Уæрæсейы Президент Владимир ПУТИН амыдта Нациты ‘хсæн ахастдзинæдты советы æмбырд, нæ республикæйæ дзы архайдта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО. Советы цæугæ æмбырд скодтой Стъараполы крайы горæт Пятигорскы.**



Рæгъмæ рахастой бæстæйы паддзахадон национ политикæйы нырыккон бакаст, ног регионтæн Уæрæсейы социокультурон тыгъдадмæ бахизын куыд æнтысы, æддагон тæссагдзинæдты æмæ æвзидæнты рæстæг Паддзахадон национ политикæйы стратегийы нывылады фарстатæ.

Владимир Путины ныхасмæ гæсгæ, Стратеги ныр кусы 10 азæй фылдæр æмæ йын йæ граждайнаг хæдхуызад фæфидардæр кæнынмæ хъæуы бавналын. "Уынæм, ныртæккæ Уæрæсейыл, нæ æмæхсæнадыл æддагон æлхъывдад куыд æххæст кæнынц, уый. Нæ ныхмæ хъомысджын пропагандæ кæнынц. Нæ истори, нæ культурæ, удварны хæзнаты ныхмæ тох стынг ис, нæ бæстæйы цæрджыты ‘хсæн разыдзинады, æфсымæрдзинады та хъавынц цурк ныссадзын. Нæ ныхмæлæуджыты хъуыдымæ гæсгæ, Уæрæсейы бирæ нацитæ кæй цæрынц, уый йæ стырдæр æфхæрæн бынат у, хъавынц нæ кæрæдзийæ фæхицæн кæнын.

Уæрæсе цалдæр лыстæг паддзахадон скондтыл ныддихтæ кæнынæй бирæтæ дзурынц. Уыдон сахуыр сты ныгуылæйнаг идеологон цæттæ джиппытыл, расистон неоколониалон ахастытыл, иу адæмты уæлдæр бынаты æвæрынц, иннæты ныллæг æппарынц, дихтæ сæ кæнынц фыццаг, дыккаг æмæ æртыккаг хуызтыл. Уæрæсейы культурон, национ бирæвæрсыгады уынынц нæ лæмæгъдзинад. Цы тæссагдзинæдтимæ сæмбæлдыстæм, уыдон та æвдисынц Уæрæсейы æгæрон тых, алцæуыл æмæ алкæуыл дæр чи фæуæлахиз уыдзæн, ахæм тых", — загъта Уæрæсейы Президент.

Куыд бафиппайдта, афтæмæй Уæрæсе фæзынд бирæнацион хæзнаты бындурыл, æхсæнад уый фæрцы фидар у. Уыдæттæ æвдыст цæуынц нырыккон уавæрты, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайынц паддзахады æппæт адæмты минæвæрттæ. Сæдæ нацийы минæвæрттæ систы паддзахадон хæрзиуджыты хицæуттæ. Йæ раныхасы паддзахады разамонæг æрхаста социологон æрфарсты бæрæггæнæнтæ, уыдон æвдисынц иудзинад, фондз азмæ æртæ хатты фылдæр фæцис, 2023 азмæ 94 процентæй ахызт. Статистикæ куыд æвдисы, афтæмæй граждайнаг хæдхуызады бæрц уæрæсейаг æхсæнады 2017 азы уыд 63 проценты, 2022 азы та — 94,2 проценты.

Уæрæсейы Президент бæстæйы Хицауадæн бахæс кодта, цæмæй советимæ бацархайой граждайнаг хæдхуыздзинады фарстатæ фидардæр кæныны нысантæ Паддзахадон национ политикæйы стратегиимæ бабæттын. Хъуамæ документы фæбæрæг кæной миграцийы ахсджиаг хъуыддæгтæ, уымæй дарддæр — Уæрæсемæ ног регионты бахызтимæ баст фарстатæ алыг кæнын.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Æхсæнады юбилей

## Аланыстоны æмзæххонтæ — Донецкы

**Донецкы Адæмон Республикæйы æхсæнадон организаци "Аланыстоны æмзæххонтæ"-йыл сæххæст фондз азы.**

— Нæ организаци банымайæн ис Донецкы Адæмон Республикæ æмæ Ирыстоны ‘хсæн бастдзинады цæгыл. Махимæ æмгуыст чи кæны, æппæт уыцы æмбæстæгтæ æмæ фæсарæйнæгтæн — бузныг. Нæ организациимæ баиу уæвынмæ чи хъавы æмæ афтæмæй Ирыстоны истори æмæ культурæимæ базонгæ уæвын кæй фæнды, уыцы адæймæгтæм æхсызгонæй æнхъæлмæ кæсæм. Сывæллæттæ æмæ фæкæсинаг адæймæгтæн баххуыс кæнынмæ арæзт чи у, ахæм дзыллон мадзæлтты архайынмæ тырнæм, — зæгъы амынд организацийы сæрдар, Адæмон советы депутаты æххуысгæнæг **Бæззаты Еленæ.**

**КОЦОЙТЫ Алинæ**

Меняйлойы пресс-конференцийы фæдыл

## Иумæйаг хъарутæй

Тынг цымыдисæй байхъуыстон республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы пресс-конференцимæ. Бирæ ахсджиаг фарстатыл дзы цыдис ныхас, иууылдæр ахъаз сты Цæгат Ирыстоны социалон-экономикон райрæзтæн.

Зæгъæм, бæлццæттæн автотранспорты лæггæдтæ фæхуыздæр кæныныл дзургæйæ, Сæргълæууæг фæнысан кодта, цы ног автобустæ балхæдтой, уыдоны нымæц кæй фæфылдæр уыдзæн, уый. Алы маршрутыл дæр транспорт фидаргонд цæудзæн бæлццæтты нымæцмæ гæсгæ. Уыимæ, амалхъомты архайд хæлд не 'рцæудзæн. Маршруттæн сæ фылдæр уыдзысты паддзахадон. Ацы фарста лыггæнинаг у куыд Дзæуджыхъæуы, афтæ районты дæр. Ныфс нæ ис, æппæт мадзæлттæ дæр арæзт кæй æрцæудзæн, уымæй.

Уæдæ ахуырады фарстайыл дзургæйæ, æнæ зæгъгæ нæ фæцис, не скъолатæй бирæтæ цалцæггæнинаг кæй сты. Иумæйагæй сæм февнæлдтой æмæ ис рæстæгмæ зындзинæдтæ, сывæллæттæ ахуыр кæнынц æндæр скъолаты дыууæ фæлтæрæй. Фæлæ сын ног цалцæггонд къæлæсты ахуыр кæнын æхсызгон уыдзæн.

Мæ зæрдæмæ фæцыд, Сергей Меняйло футболуарзджытæн цы ныфсытæ бавæрдта, уый.

Ныртæккæ нæхи стадионы цæуы арæзтадон куыстытæ, футболисттæ уал хъазынц Грознайы. Сæ бон у ноджы хуыздæр хъазын, уæлдæр къæпхæнтæм схизын. Уырны мæ, хæстæгдæр рæстæг нæхи стадионæй кæй райхъуысдзысты, спортыл иузæрдион чи у, уыдоны хъæлæстæ.

**ЦÆГÆРАТЫ Руслан,**
**РЦИ-Аланийы Парламенты депутат**

## Æргом æмæ алывæрсыг

Республикæйы Сæргълæууæг журналисттимæ фембæлды рæстæг бирæ фарстытæн радта æргом дзуаппытæ. Иууылдæр сты ахадгæ. Сæйрагдæр та уый у, æмæ регионы Сæргълæууæг ницы басусæг кодта, æргомдзырд æмæ алывæрсыг уыдис йæ раныхас.

Æхсызгон уыдис мæнæн, стæй ме 'мкусджытæн дæр, ирон æвзаджы хъысмæтмæ стыр æргом кæй здахы, уый.

Бирæ мадзæлттæ арæзт цæуы Ирыстоны мадæлон æвзаг бахъахъхъæнынæн æмæ йæ рæзын кæнынæн. Амæй размæ сарæзтам ирон æвзаджы ахуыргæнджыты 'хсæн конкурс, архайдтой дзы сæдæ адæймагæй фылдæр. Ныфс мæ ис, иумæйаг хъарутæй — скъола, бинонтæ, æхсæнад куы архайæм, уæд мадæлон æвзагыл чи дзуры, уыдоны нымæц фылдæр уыдзæн.

Сергей Меняйло тынг раст загъта, ирон æвзагыл дзурын, стæй ма йыл базонын хъæуы хъуыды кæнын дæр.

Цæгат Ирыстоны ныртæккæ парахат кæны туризмы къабаз. Нæ уазджытæ фылдæрæй-фылдæр кæнынц. Арæзт цæуы ног туристон маршруттæ. Федералон центры æххуысæй куыст цæуы бæлвырд уагыл. Фæлладуадзæн курорттæ "Мамысон", "Къæхтысæр" æмæ "Алани-парк" хæстæгдæр рæстæг адæмæн лæггад кæнын райдайдзысты.

Уырны мæ, æппæты зæрдæмæдзæугæдæр туристон регион кæй суыдзыстæм, уый.

**ДЖИОТЫ Георги,**
**РЦИ-Аланийы Парламенты депутат**

Æнæнхъæлæджы уавæртæ

## Зынгсирвæзтыты нымæц

**Уæрæсейы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады сæйраг цæгатирыстойнаг управленийы пресс-службæйы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, ацы азы райдайæнæй нырмæ нæ республикæйы рауад 424 зынгсирвæзты.**



**Ведомствæйы минæвар куыд фехъусын кодта, афтæмæй фыдбылызты аххосæй иу адæймаг фæмард, 635 ласт æрцыдысты æдас ранмæ, ирвæзынгæнджытæ 7 адæймаджы та бæллæхæй аирвæзын кодтой. Фыдбылызты фылдæр хай рауад æнæцæрæн фонды.**

**Сывæллæтты аххосæй зынгсирвæзтытæ республикæйы не 'рцыд.**

**Нæ уацхæссæг**

Сæ нæмттæ рох не сты

## Цардысты Фыдыбæстæйы сæрвæлтау

**Дзæуджыхъæуы Дегъуаты Владимиры номыл 38-æм астæуккаг скъолайы азæлыдысты Уæрæсейы Федерацийы æмæ Цæгат Ирыстон-Аланийы гимнтæ. Кадджын уавæры дзы сæ раздæры ахуырдзаутæ Цхуырбаты Роланд æмæ Кирилл Андреевæн байгом кодтой мемориалон фæйнæджытæ. Уыдон сæ æфсæддон хæс æххæстгæнгæйæ, хъæбатырæй фæмард сты Украинæйы сæрмагонд æфсæддон операцийы. Дыууæйæ дæр сæ амæлæты фæстæ хорзæхджын æрцыдысты Хъæбатырдзинады ордентæй.**

Архайдтой дзы Дзæуджыхъæуы Ахуырады управленийы сæргълæууæджы хæдивæг **Къорнаты Арсен**, Æппæтдунеон æхсæнад "Иры Стыр Ныхас"-ы минæвар **Дыгъуызты Алыксандр**, Хуссар федералон зылды 58-æм æфсады 74-æм полчы командæгæнæджы хæдивæг **Владимир Крючков**, æдзард æфсæддонты ныййарджытæ, се 'мкъласонтæ, ахуыргæнджытæ, скъолайы ахуырдзаутæ æмæ æндæр кадджын уазджытæ.

— Нæ зынаргъ æмбæлттæ! Зарæджы раст ныхæстæ фыст ис: "Слæууæм!"... Æнæмæнг, сыстдзыстæм æмæ иумæ æмдыхæй бахъахъхъæндзыстæм нæ Фыдыбæстæ. Ацы аз ныр цыппæрæм хатт Касаты Аслæнбегимæ бабæрæг кодтам не 'фсæддонты, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты. Ацы аз нымад у Ахуыргæнæг-зондамонæджы азыл, æмæ мæн зæрдиаг бузныг зæгъын фæнды, фыццаджыдæр, 38-æм скъолайы директор **Сланты Мæдинæйæн**, ахуыргæнджытæн, сæрмагондæй — **Остъаты Рустамæн**. Мæ сæрæй уын ныллæг кувын, Ирыстоны бирæнацион цæрджытимæ иумæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн цы гуманитарон æххуыс æрвитут, уый фæдыл. Бузныг ахуырдзаутæн, цы зæрдæагайгæ рæнхъытæ ныффыссут æфсæддонтæм, уыдон, бауырнæд уæ, хъавгæ сæ дарынц сæ дзыппыты, сты сын æхсызгон æмæ ныфсдæттæг. Æмæ абон ахæм æнæрхъуыды фарст чи радты, цæмæн стæм Украинæйы, зæгъгæ, уыдон хъуамæ зоной, мах нæхи зæххыл стæм. Хæцæм фашизмы ныхмæ. Нæ зæрдыл та æрбалæууыд Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Уæд нæ фыдæлтæн сæ къухы нæ бафтыд фашизм йæ бындзарæй сыскъуыйын. Æмæ та Ирыстоны хъæбултæ æппæт Уæрæсейы хъæбултимæ сæ цард мæлæтмæ дæттынц сæрибар æмæ сабырдзинады сæраппонд! — загъта Къорнаты Арсен.




Кадджын мадзалы архайджытæ иууылдæр мемориалон фæйнæджыты бынмæ сæвæрдтой дидинджытæ.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ,**
**къамтæ систа ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**



Экспертты хатдзæг

## Аразын хъæуы чысылуæладзыгон хæдзæрттæ

**Хуссайраг æмæ Цæгат Кавказы федералон зылдты аразын хъæуы чысыл уæладзыгон хæдзæрттæ, зæгъгæ, загъта Араздзыты национ иугонды президент Антон ГЛУШКОВ.**

"Хуссары уавæр ахæм у: Цæгат Кавказы æмæ Хуссайраг федералон зылдты зæххыты фылдæр хай сты зæххæнкъуыстæй тæссаг ран. Технологитæ æмæ уыдонæй пайда кæныны фарстайыл дзургæйæ, мах хъуамæ дзурæм чысыл,уæладзыгон хæдзæртты арæзтадыл. Уымæн æмæ ацы зонæйы хуыздæр уыдзæн ахæм цæрæнуæттæ аразын", — загъта президент.



Куыд бафиппайдта, афтæмæй ацы регионты нысаныздæхт у аст уæладзыджы онг хæдзæрттæ аразын. Йæ хъуыдымæ гæсгæ, уый фæахъаз уыдзæн арæзтады æмгъуыд фæцыбырдæр кæнынæн æмæ цæрæнуæтты хæрзхъæддзинад хуыздæр кæнынæн.

**Нæ уацхæссæг**

### Дзырды фарн

*Топпы хъæр куы сцырын вæййы, уæд... нал фехъуысы мæргътæн сæ зарын.*

*ХЪУЫЛАТЫ Созырыхъо*

**Боныхъæд** — **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **23 майы,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **25-30 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **25-27 градусы хъарм.**

**Боны дæргъ — 14,56**
**Хурыскаст** — 04,28
**Хурныгуылд** — 19,24

**Валютæйы аргъ**
**Доллар** — 80,03 ↑
**Евро** — 86,62 ↑

12+

Хъыджы бон

# Зары æбуалгъы фыдракæнд мысгæйæ

**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО арвыста телеграммæ Хуссар Ирыстоны Президент ГАГЛОЙТЫ Аланмæ — мысæн æмæ хъыджы боны — Зары æвирхъау бæллæхыл 31 азы сæххæсты фæдыл.**



Телеграммæйы загъд цæуы: "Тынг хъыггæнгæйæ мысæм абон, фыдгæнджыты къухæй Зары чи фæмард, уыцы сабырцæрæг адæмы. Уыцы фыдракæнд рох никуы уыдзæн, йæ рыст никуы бамынæг уыдзæн. Хуссар Ирыстоны цæрджыты — сывæллæтты, сылгоймæгты, зæрæдты ныхмæ уæд цы æбуалгъ ми сарæзтой, уый нодджы иу хатт æвдисæг у фашизмы цæсгом, сиды нæм йемæ æгъатырæй тох кæнынмæ. Уыцы æвирхъау бæллæхы чи фæмард, уыдон рухс дзæнæты бадæнт, рох нæ никуы уыдзысты, сæ хиуæттæ, хæстæджытæн та тæфæрфæс кæнын...

Мæ зæрдæ зæгъы дæуæн, стæй дæ номæй та Хуссар Ирыстоны æппæт цæрджытæн дæр сабыр цард æмæ амондджын сомбон!"

**ТУАТЫ Инал**

Арæзтад

# "Зонджын хæдзар" — нымæцон лæггæдтимæ

**Дзæуджыхъæуы, цæрæнуæтты комплекс "Sard"-ы "Ростелеком Дæгъæл"-ы лæггадмæ фыццаг "зонджын хæдзар" баиу кодтой. Нымæцон хызæгæй спайда кæнгæйæ йæ фыццаг "зонджын хæдзар"-имæ баиу кодтой.**

Комплексы ис æртæ 16-уæладзыгон хæдзары, лæууынц Андрей Днепровскийы уынджы Дзæуджыхъæуы. Иннæ дыууæ хæдзары дæр хъуамæ нымæцон хызæгимæ баиу кæной, куыстытæ æххæстæй пæт лæггæдтæй дæр пайда кæнæн уыдзæн мобилон уæлæфтуаны фæрцы. "Ростелеком Дæгъæл" цæрджытæн разамынддæттæг компаниимæ æмгуыстад кæнынын фадат дæтты.



цæуынц, хъуа мæ июлы кæронмæ ахицæн уой. Хъуамæ дзы хæстæгдæр фидæны цæра 1000 адæймаджы.

"Ростелеком"-ы нымæцон хызæджы уынаффæтæ æмбырдгонд сты иунæг платформæйыл, ис дзы "Зонджын домофон", "Видеоцæстдард", "Зонджын нымайæнтæ", "Зонджын шлагбаум". Ногарæзт хæдзæртты цæрджытæ куыд æвæрынц фарстатæ, афтæмæй æппæт ацы лæггæдтимæ хæдзар фыццаг хатт бантыст, нырмæ Дзæуджыхъæуы нымæцон хызæгмæ баиуы фæлтæрддзинад ис. Араздджытæ хызæджы алы элементтæй пайда удæнцойадæн кæнæ та йæ æххæстæй райсынц", — зæгъы "Ростелеком"-ы регионалон филиалы директоры хæдивæг **Дзæхаты Марат.**

**Нæ уацхæссæг**

Коммуналон хæдзарад

# Электрон тыхæн ис фæстауæрцгæнæн

**Тарифты службæйы сæйраг хæстæй иу у донуадзæн æмæ канализацийы хæтæлты республикон ног куыстуатæн йæ архайдмæ цæст дарын.**

Профилон ведомствæйы разамонæг **Бæдоаты Сослан** куыд радзырдта, афтæмæй донæн фидаргонд æрцыд, экономикон бындур кæмæн ис, ахæм тариф. Йæ ныхасмæ гæсгæ, ацы уынаффæ хаст æрцыд, хызæгты уавæр зауæтмæ кæй æрцыд æмæ сæ бындуронæй цалцæг кæнын кæй райдайдзысты, уымæ гæсгæ.

— Хызæгтæ сты тынг æвзæр уавæры, уый аххосæй хæрдзтæ дæр — куыд коммерцион, афтæ технологон хуызы дæр — сты æгæр бирæ. Цæвиттонæн, хызæгтæ уæлæмæ цы дон сисынц Дзæуджыхъæуы, уый афæдзмæ вæййы 120 милуан кубометры, хардзгонд та дзы æрцæуы æрмæстдæр 30 милуан кубометры бæрц. Уыимæ, паддзахадон цæстдарæн оргæнтæм цы гæххæттытæ æрцæуы æвдыст, уыдонмæ гæсгæ та уæлæмæ ист доны бæрц амынд вæййы 50 милуан кубометры, — загъта Бæдоайы-фырт.

Уымæй уæлдай, ведомствæйы разамонæг бафиппайдта, ацы азы февралæй фæстæмæ фидаргонд кæй æрцыд доны тариф — 47 сомы доны иу кубометрæн, цæрджытæн та — 19 сомы. Стæй ма йæ ныхасмæ бафтыдта,



доны хæрдзтæн уаг æвæрд куы 'рцæуа æмæ æрдзон гæнæнтæй раст пайдагонд куы цæуа, уæд хæрдзтæн дæр кæй уыдзæн фæкъаддæргæнæн. Уый фæрцы та фæзындзæн тариф дæр фæкъаддæр кæнынæ фадат.

**Нæ уацхæссæг**

Нысантæ

# Цæгат Кавказы федералон зылды экономикон хъомысæн

**Уæрæсейы Экономикон рæзты министрады цы уæрæх æмбырд уыд, уый архайджытæ æркастысты Цæгат Кавказы федералон зылды субъектты промышленнон хъомыс нывылдæр кæныны фарстатæм. Федералон министры хæдивæг Сергей НАЗАРОВ сæрдариуæг кæм кодта, уыцы æмбырды Цæгат Ирыстонæй архайдта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис.**

Сергей Назаров куыд фехъусын кодта, афтæмæй Экономикон рæзты министрады, паддзахадон корпораци "Кавказ.РФ" æмæ æндæр федералон структурæты минæвæрттæ кæм архайдзысты, ахæм сæрмагонд кусæг къорд хæстæгдæр рæстæг æркæсдзæн Цæгат Кавказы федералон зылды регионты куыстуæтты уавæрмæ. Аргъгонд æрцæудзæн алкæцы куыстуатæн дæр йæ ныртæккæйы уавæрæн, эксперттæ сæ фæндæттæ бахæсдзысты амынд компаниты архайд фæхъомысджындæр кæнынæн. Сæрмагонд æргом здæхт æрцæудзæн промышленнон куыстуæтты инвестицион проекттæ æххæст кæнынмæ.



Экономикон рæзты министры хæдивæджы ныхасмæ гæсгæ, æппæт уыцы мадзæлттæ фадат ратдзысты, цæмæй промышленнон куыстуæттæн бæлвырд фæткы бындурыл лæвæрд цæуа уæлæмхасæн паддзахадон æххуыс. Уыимæ, куыд нысангонд цæуы, афтæмæй федералон министрады номхыгъдмæ бахæсдзысты алкæцы регионæй дæр хъомысджындæр 5 промышленнон куыстуаты. "Ахæм реестрмæ бахæсдзыстæм, ныртæккæ æппæт тыхтæй чи нæ кусы, фæлæ фидæны йæ инвестицион хъомыс раргом кæнынæн хъæугæ кæмæ разына, ахæм куыстуæттæ дæр", — загъта Сергей Назаров.

Æмбырды архайджытæ æрдзырдтой бæлвырд куыстуæттыл. Зæгъæм, Цæгат Ирыстон федералон кусæг къорды уæнгты базонгæ кæндзæн акционерон æхсæнадтæ "Алагиры сопротивлениты завод"-ы, "Магнит"-ы", "Кетон"-ы, "Крон"-ы, "Электроконтактор"-ы, "Мæздæггаг нывæфтыдтæ" æмæ "Уæлæдарæс"-ы фæдттимæ. Дзанайты Барис сæрмагондæй фæбæрæг кодта Дзæуджыхъæуы вагæттæ цалцæггæнæн заводы. Йæ ныхасмæ гæсгæ, компани кусы акционерон æхсæнад "Уæрæсейы æфсæнвæндæгтæ"-йы сконды, фæлæ йæм фаг заказтæ нæй. Уыимæ, лыггæнинаг у куыстуаты техникон модернизацийы фарста дæр.

"Дарддæры райрæзты нысантыл дзургæйæ, сæрмагонд æргомы аккаг у раздæры завод "Электроцинчы" фæзуат. Уыцы куыстуаты бæстыхæйтты энергетикон ифтонгад æмæ транспортон инфраструктурæйы уавæр фадат дæттынц, цæмæй уым фидæны фæзына индустриалон парк", — бафиппайдта Дзанайы-фырт.

Æппæт уыцы фæндæттæ УФ-йы Экономикон рæзты министрады специалисттæ фæбæрæг кодтой, æмæ зæрдæ бавæрдтой, сæрмагонд федералон кусæг къорды уæнгты бæрны сæ кæй бакæндзысты, уымæй.

Æмбырдæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, федералон кусæг къорды уæнгтæ хицæнæй бабæрæг кæндзысты федералон зылды алкæцы регион дæр. Уыцы архайды фæстиуæгæн алкæцы куыстуаты архайды фæдыл дæр ратдзысты амынддзинæдтæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Бынæттон хиуынаффæйад

# Фæндæгты цалцæгæн

**454,8 милуан сомыл Дзæуджыхъæуы фæндæгтæ сцалцæг кæнынмæ цæттæ чи у, горæты Фæндагон фонд расидт фондз тендеры ахæм арæзтадон кусæндæттæ ссарыны фæдыл.**

Ацы хабар фехъусын кодта "КрыльяТВ". Мыхуыргонд гæххæттытæ куыд амонынц, афтæмæй ацы азы фæззæджы кæронмæ фæндагараздджыты хæс у Дзæуджыхъæуы 21 фæндаджы хайы сцалцæг кæнын. Ныхас цæуы Къостайы проспектыл, Калойы-фырты, Тургеневы, Зоя Космодемьянскаяйы, Гагарины, Кырджалиаг, Инæлар Хетæджы-фырты, Брытъиайы-фырты, Цæголы-фырты, Кцойы-фырты, Магкаты Зурабы, Калинины, Навагины, Коцойы-фырты, Максим Горькийы, Веселæйы, Галковскийы, Левченкойы æмæ Стъарапойлаг уынгтыл, стæй Транспортон фæрсылуынгыл.

Куырдиæттæ исынц ацы мæйы кæронмæ.

**Нæ уацхæссæг**

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

# Дæ хорз куыстытæй сырæзыд дæ кад...

Нæ юбиляры йæ æрыгон бонтæй нырмæ хонын Михал. Æмæ йæ ацы цыбыр æрмæджы дæр хондзынæн афтæ. Дзбойты Михал йæ ацы бæрæгбонмæ цал юбилейы сæрты æрбахызт, уый зын банымайæн нæу. Уыдтæн-иу æз раздæры юбилейты дæр, фæлæ мæм афтæ кæсы, цыма йæм ацы хатт æрцыдис уæлдай бæркадджындæрæй, уæлдай бæрнондæрæй, æмæ æппæтæй дæр рауадис тынг зæрдæмæдзæугæ. Адæм дæр æм æрбацыдис тынг бирæ, канд нæ районтæй нæ, фæлæ бæстæйы æндæр рæттæй дæр.

Ахæм юбилейы куыд æмæ цы вæййы, цытæ дзы æмбæлы, уыдон се 'ппæт дæр рауадысты иттæг хорз. Бирæ арфæтæ, цинтæ йыл сæмбæлдис. Бирæ бузныгады цæстытæ федта уыцы бон Михал...

Адæймагыл циндзинад куы 'рцæуа, æмæ куы уына йæ цинил цингæнджыты, уæд ын уый та свæййы æгæрон æхсызгондзинады хос.

О, адæймаджы циндзинадыл цин кæнын хъæуы. Уæлдайдæр, уыцы адæймаг дæ хорз зонгæ, дæ хæлар куы уа, уæд та цин рауайы тыхджындæр æнкъарæнтимæ.

О, Михал у мæ рагон хæлар, хион, æмхъæуккаг. Нæ куыст дæр у иу фæндагыл арæзт.

Куы базонгæ стæм, уæдæй нырмæ рацыди 70 азæй фылдæр! Мæ бон афтæ зæгъын у, æмæ, не 'хсæн райдайæны цы хæлардзинад сæвзæрд, уый абоны онг фидарæй-фидардæр кæны.

Бирæ хорз æмæ раст ныхæстæ, хъуыдытæ, арфæтæ, фæндиæгтæ загътой Михалæн йе сфæлдыстады фæдыл алыхуызон хъуыддæгтæ æмæ дæсныйæдтыл хæст адæймæгтæ...

Аивады Михал чи у, ууыл дзурæг сты, фыццаджыдæр, йæ куыстытæ! Уыдоны фæстæ та — йæ хæрзиуджытæ æмæ кадджын нæмттæ, аивадиртасджытæ æмæ аивадуарзджыты, аивадæн кодта, уæд! "Чермен" та у йæ дипломон куыст! Ацы æцæгдзинад дзурæг уыд æмæ у Михалы фидæны сфæлдыстадон фæндаджы æнтыстытыл... Йæ абоны æцæгдзинадыл!

Ныр, куыд адæймаг, афтæ цы зæгъон Михалæй? Уал азы куыд нæ зонæм кæрæдзийæ дæр цыдæртæ! мæгхуыз, фæлæ йæ бирæнкъараг зæрдæ та у фæлмæн, хатыргæнаг. Алкæмæн дæр æй фæнды хорздзинад. Рæстдзинад æм æвæрд у тынг бæрзонд. Æргомдзырд, фæлæ дзы бæрц дæр зоны. Кæмæн цы, кæд, кæм æмæ куыд зæгъа, уый дзы рох никуы кæны...



аргъгæнджыты хатдзæгтæ, суанг фиппаинæгтæ дæр.

Цы ма зæгъон ам æз та? Æрмæстдæр уый, æмæ Михал æрмæст "Æфсати" æмæ "Чермен" куы сфæлдыстаид, уæддæр йæ ном баззадаид канд Ирыстоны нæ, фæлæ æнæхъæн Уæрæсейы хуыздæр скульпторты нæмтты 'хсæн. Диссаг ма уый дæр куыд нæу, æмæ "Æфсати"-йы эскизпроект сарæзта, институты фæстаг курсы ма куы ахуыр

Мæнмæ афтæ кæсы, æмæ цыфæнды адæймагæн дæр æндæр адæймаджы миддуне, йæ зæрдæйы, йæ уды æнкъарæнтæ кæронмæ равзарæн нæй... Михал у æцæг ирон лæджы миддуне, йæ хуыздæр миниуджытæ æмæ зондахастыл хæст. Йæ удыхъæдæй у хæцæг, тохгæнæг. Йæ фæндты, къахдзæфты, миты йæ размæ æвæрд хæстæ æххæст кæнгæйæ — æнæбасæттон. Бакастæй арæх вæййы тыз-

Ацы миниуджытæ бирæты зæрдæмæ цæуынц, уæлдайдæр, йæхæдæг дæр уыцы фæндагыл лæуд чи у, уыдоны зæрдæмæ.

Афтæ нæ зæгъын, æмæ Михал зæды къалиу у. Вæйййы "уызынарæзт" дæр. Михал у куысты, архайды адæймаг. Зоны гыццыл æмæ стыр хъуыддæгтæ аразын. Зоны цард размæ кæнын. Æмæ æппæт уыцы зилдухæнты æнæфæрæдигæ дæр нæй. Фæлæ зоны йæ рæдыдыл басæттын, фæфæсмон кæнын, суанг хатыр ракурын дæр. Цыфæнды адæймагмæ дæр ахæм миниуджытæ куы уа, уæд уыдон уыдзысты æрмæстдæр йæ хорзыл дзурæг.

Михалыл сæххæст 85 азы... Кæй зæгъын æй хъæуы, рæстæг, азтæ сæ куыст кæнынц... Фæлæ, Михалмæ кæсгæйæ, аивады йын йæ архайдмæ кæсгæйæ, царды бирæ фæзилæнты йæ рог змæлд фиппайгæйæ, зæгъæн ис, æмæ азтæ Михалыл нæ, фæлæ сыл уый йæхæдæг тых кæны!

Цæй, æз разы дæн Михалæн ма йæ фидæны къорд юбилейы ноджыдæр арфæтæ фæкæнынып æмæ йыл хуыздæр, хъæздыгдæр, парахатдæрæй æрмæджытæ ныффыссыныл!

**ЕЗЕТЫ Марклен,**
**Уæрæсейы Нывгæнджыты цæдисы уæнг**

Партийы хъæппæрис

# Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æмæ сæ бинонтæн — æххуыс

**Субъектты æнтыстджынæй цы 'ххуысы мадзæлттæ арæзт æрцыд, уыдоны бындурыл сбæрæг кодтой сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æмæ сæ бинонтæн иумæйаг регионалон æххуысы бæрц. "Иугонд Уæрæсе"-йы Генералон советы нымæрдар Андрей ТУРЧАК куыд фехъусын кодта, уымæ гæсгæ регионты ацы хъуыддаг куыд æххæстгонд цæудзæн, уый фæдыл æрвылмæйон доклад кæнын хъæудзæн бæстæйы Президентæн. Ацы бæрцыл бæстон ныхас цыд Хицауады координацион центримæ. Кусæг къорды уæнгтæ æркастысты иумæйаг стандарты ахадындзинадмæ æмæ дзы алы субъекты дæр спайда кæнынмæ.**

"Æххуысы бæрцы хуызтæй бирæты уæлæмхасæн æхцайы фæрæзтæ нæ бахъæудзæн. Зæгъæм, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты сывæллæтты секцитæ æмæ сфæлдыстадон, скъолаты фæсурокты къордтæм, группæтæм æмæ рæвдауæндæттæм райсын, бирæсывæллонджын бинонтæн льготæтæ æмæ, зæгъæм, сывæллæттæй иуыл исты фыдбылыз æрцыд, уæд сын бирæсывæллонджын бинонты статус ныууадзын", — фæбæрæг кодта къорды разамонæг.

Цавæрдæр мадзæлтты бахъæудзæн финансон æххуыс, фæлæ уыдон сты æнæмæнгхъæугæ, æмæ ныридæгæн бирæ регионты æххæстгонд цæуынц.

"Нæ стандарты номхыгъдмæ бацыд, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты 5-æм къласæй 11-æм къласы онг сывæллæтты лæвар бахæрд. Ахсджиаг хъуыддагыл нымад цæуы цæрæнуатон-коммуналон лæггæдтæн фидыны компенсаци, рæвдауæндонæн фидынæй суæгъд кæнын, транспортон хъалон æмæ сывæллæтты æнæниздзинад фæфидар кæныны лагертæм балцæгтæ", — бафтыдта ма йæ ныхасыл Андрей Турчак.

Уымæй дарддæр ма кусæг къорд уынаффæ рахаста, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæджы социалон паспорттæ алы регионы дæр рапарахат кæнын.

"Уырдæм хауы социалон контракт, йе 'нæниздзинад фæкæсинаг кæмæн у, уый тыххæй информаци, финансон хæс дары æви нæ, цæрæн бынаты тыххæй хъусынгæнинаг, федералон æххуысы бæрц æмæ регионалон æххуысы стандарты бæрц сбæрæг кæныны сæрмагонд пълан. Ахæм паспорты хуызæг сарæзта нæ кусæг къорд. Уый нын фадат ратдзæн бинонты хъуагдзинæдтæ сбæрæг кæнынæн æмæ сын алы хъуыддаджы дæр афойнадыл æххуыс кæнынæн", — загъта къорды разамонæг.

Паддзахадон фонд "Фыдыбæстæйы хъахъхъæнджытæ"-йы сæрдар **Аннæ Цивилева** разы у кусæг къорды хъуыдыимæ, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн иумæйаг регионалон æххуысы паспорттæ саразыныл. Æмæ ма бахахх кодта, регионалон æххуысы бæрц алы ран алыхуызон кæй у, уый.

"Афтæ рауайы, æмæ, иу акъоппы бадгæйæ, æфсæддонтæ алыхуызон æхцайы фæрæзтæ райсынц. Афтæ демобилизацийы фæстæ дæр. Æрбацыдысты, чи æнæ къах, чи æнæ къух, æмæ алы субъектты алыхуызон социалон æмæ финансон æххуыс райсынц. Уымæ гæсгæ хъæуы иумæйаг стандарт, уый се 'ппæтæн дæр æмбæрстгонд уыдзæн, — бамбарын кодта Аннæ Цивилева.



"Мах не 'ппæт дæр иу ахсджиаг хъуыддагыл архайæм, уый арæзт у нæ сæйраг нысанмæ — сæрмагонд æфсæддон операцийы Уæлахизмæ æмæ хæцæг æфсадæн æмæ сæ бинонтæн æххуыс кæнынмæ", — бафтыдта ма йæ ныхасыл Андрей Турчак.

Дарддæр ма "Иугонд Уæрæсе"-йы регионалон хайады нымæрдары фыццаг хæдивæг **Едзойты Марат** фæбæрæг кодта, Цæгат Ирыстоны сæрмагонд æфсæддон операцийы хæцæг æфсæддонтæ æмæ сæ бинонтæн æххуысы мадзæлттæн æнæхъæн комплекс арæзт кæй цæуы, уый.

"Республикæйы цæрджытæй æрсидтон чи ссис, уыдон иууылдæр райстой иухаттон æххуыс 30 мин сомы бæрц, — загъта Едзойы-фырт. — Уымæй уæлдай ма уæлæмхасæн æххуысхъуаг цы бинонтæ сты, уыдонæн сæрмагонд æххуыс арæзт цæуы. Абоны бон баххуыс кодтам 50 бинонтæн.

Сæрмагонд æфсæддон операцийы чи фæмард, уыдоны бинонтæ райстой фæйнæ 1 милуан сомы. Ахæм бинонтæм ис уæлдай цæстдард, арæзт сын цæуынц социалон паспорттæ, социалон-психологон æххуыс дæр исынц.

Цæф чи баййæфта, уыцы хæстонтæн лæвæрд цæуы материалон æххуыс 500 мин сомы бæрц, йæ цæф цас уæззау у, уымæ гæсгæ. Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты бинонтæн се 'ппæтæн дæр ис лæвар социалон лæггæдтæ райсыны бар".

**САНАТЫ Альбинæ**

Барад

# Закъонхæлдмæ каст цæуы



**РЦИ-Аланийы прокуратурæ бæлвырд кæны Гæздæнты æфсымæрты цыртдзæвæны акомкоммæ æнæзакъон арæзтады тыххæй информаци.**

**Цаубæрæггæнæнтæ сбæлвырд кæныны фæстæ прокуратурæ хатдзæг скæндзæн зæххы, арæзтад æмæ æрдзхъахъхъæнынады закъæттæ хæлд æрцыдисты, стæй бæрнон кусджыты архайд закъоны бындурыл уыд æви нæ, уымæн. Закъонхæлды бындуры хатдзæгтæм гæсгæ арæзт цæудзысты мадзæлттæ дæр.**

***Нæ уацхæссæг***

Уый та уын евразиаг лæг

# Александр Дугины "ахъаззаг" лæвар

**Аланыстон (Ирыстон) æмæ алантæ (ирæттæ) се "стыр æмбал", социологон наукæты доктор, политикон наукæты доктор, геополитик, геостратег æмæ ма евразиаг Александр ДУГИНÆЙ райстой радон "ахъаззаг" лæвар.**

**Æмбал æй цæмæн хоныс, зæгъгæ, мæ куы фæрсат, уæд уын дзуапп ратдзынæн: уый 2008 азы, августы, æппæлыд хуссарирыстойнаг хæдæфсæддонтæй. Уыдон уæрæсейаг сабырдзинадтауджытимæ сæ паддзахады сæрибарад Гуырдзыстоны милитаристтæй хъахъхъæдтой. Цæмæй уæрæсейаг æфсад Тбилисмæ бабырса, уый дæр æй фæндыд. Хуссар Ирыстон 2008 азы, 4 июлы, гуырдзиаг экстремистты æрбабырсты размæ куы бабæрæг кодта, уæд фыста:**

**"Хуссар Ирыстон Уæрæсейы хай æрмæст юридикон æгъдауæй нæу, фæлæ хи æмбарынадæй, ахстбынатæй, геополитикон минæварад æмæ ролæй";**

**"америкæгтæ æмæ англисæгтæ Кавказы æппæт тыхтæй архайынц. Сæ нысан у Цæгат Кавказ Уæрæсейæ радих кæнын, уый тыххæй та хъуамæ "НАТО" æмæ америкæгты ныхмæ цы фидар тых ис, уый Хуссар Ирыстоны фехалой";**

**"мæ цæстæй акæсгæйæ, хъуамæ Уæрæсе Хуссар Ирыстоны хæдбардзинад банымайа, йæ адæм референдумы уый тыххæй сæ ахаст равдыстой. Уæрæсе уыцы фарстайы дыууæрдæм кæй кæны, уый хуссарирыстойнæгты ныфс сæтты. Адæм та нæ национ цымыдисты сæрыл хæцынц", æмæ афтæ дарддæр.**

Гуырдзиаг блогерæн 2021 азы цы дзыллон видео-интервью радта, уым цæхгæр, 180 градусы ныззылд, æмæ карз æнкъарæнтимæ, космизмæй æвдылдæй йæ хъуыдытæ раргом кодта:

"Кæнæ мах ацы анклавтæ (Хуссар Ирыстон, Абхаз) бахъахъхъæнæм, семæ дарддæр цы чындæуа, уый нæ зонæм, æмæ Гуырдзыстонмæ фыдзæрдæдзинад бензинæй дзаг кæнæм, кæнæ та хæдбар Гуырдзыйæ быцæуы ма архайæм, уый хъуамæ "НАТО"-йы хай ма уа, Ныгуылæнæй уа хæдбар...";

"мах фæндид, цæмæй алцыдæр уа евразиаг хуызы, фæлæ... импери аивад у...нæ хъуыды хъуамæ тыхæй ма æмбарын кæнæм Гуырдзыстонæн, уый нæ интеграцимæ зулцæстæнгас гуырын кæны...";

"импери аразыны аивад куы сафæм, уæд раздæр уа æви фæстæдæр йæ дыргътæй саходдзыстæм...ахæм хатдзæгмæ æрцыдтæн æмæ нын хæдбар, алцæмæй æххæст паддзахæдтимæ (Гуырдзыимæ) хъуыддæгтæ аразын пайдадæр у, уыдон не знæгтимæ нæ уыдзысты, комкоммæ вассалтимæ уæвыны бæсты (Хуссар Ирыстон æмæ Абхаз), хъуамæ вассализацийæ иуварс ахизæм, уыцы урок райстон уырыссаг историйæ".

Ахæм æвæджиауы æрмæг бакæсгæйæ мæ "бис, браво" сдзурын фæнды. Гуырдзиаг æнæофициалон дипломатийы ахæм сæрзилæдджын æнтыстдзинадмæ ничи æнхъæлмæ каст, Александр Дугин уыдæттæ радзырдта, 30 азы дæргъы Уæрæсейыл, йæ адæмыл, йæ политикон разамындыл тутæ куы фæкодта, Гуырдзыстоны разамынд æмæ йæ граждæнтæ дæр уыдæтты архайдтой. Дугинмæ æмæ йæ чырыстон диныл хæст æмбæлттæм гæсгæ æппæты фæлмæндæр ныхас уыдзæн "уырыссаг хуытæ". Алцæмæндæр чи быхсы, уыдон хъуамæ цавæр импери саразой?

Александр Дугин Хуссар Ирыстоны æмæ Абхазы адæмты тыххæй цытæ загъта, уыдон гæнæнты æцæгдзинад схонæн нæй, политикæ æмæ геополитикæмæ ницы бар дарынц, уый у хуымæтæджы гадзрахатдзинад ацы адæмты æмæ Уæрæсейы 'рдæм. Афтæмæй мæ бон у, Дугин Хуссар Ирыстоны, Абхазы, Уæрæсейы, Гуырдзыстоны тыххæй цы диссаджы хатдзæгтæ скодта, уыдон ныууадзын. Сæхæдæг æвдисынц, йæ удварны-хæрзæгъдаудзинады чъизидзинæдтæ, йæ политикон æмæ наукон мæгуырдзинад. Фæлæ адæймаг йæхиуыл бабæрæггæнæджы сæйраг ном æвæры, йæ къæхты бын цы ницæйаг адæмтæ змæлынц, уыдонмæ уæле дæлæмæ кæсы. Уыдон æм цъыхырыйы бастау кæсынц, спайда кæнæн сæ ис Евразиаг империйы арæзтады.

Александр Дугин Хуыцауы ном арæх æрхъуыды кæны, фæлæ уый, æвæццæгæн, йе 'ууæнк нæ хъæуы, хъæуы йæ рæстдзинад. Мах дæлдæр не 'мбæстæгты цалдæр хъуыдыйы равдисдзыстæм, уыдон дыууæ индоевропæйаг адæмты — аланты æмæ уырыссæгты историон хъысмæтты иудзинад фæбæрæг кæндзысты. Уымæй уæлдай, наукæйы алыварс Дугины хъуыдытæ раргом кæндзыстæм. Адæмты интерестæ уæйгæнæг интеллигенцийы, буржуазийы лакейты классик тæфгæнæг кæй схуыдта, уымæн уæхæдæг тæрхонгæнæг ут.

"Дунеон евразиаг змæлд"-ы разамонæг æргомæй слæууыд Хуссар Ирыстоны адæмы Цæгат Ирыстоны адæмимæ баиу уæвын кæй фæнды, Уæрæсейы хай суæвынмæ кæй бæллынц, уыдæтты ныхмæ. Дугинмæ гæсгæ ирæттæн, уырыссаг адæмы геополитикон закъонбæрцад æмæ империаг Уæрæсе æмбаргæйæ, сæ хъысмæт у, XX æнусы дыууæ хатты ирон адæмы геноцид скæнæг, уазæгуарзаг, фæлмæнзæрдæ, интеллигентон гуырдзиæгты хъæбысы фесæфын. Евразиаг идеолог æрцыд, кæрæдзийы ныхмæ уæвæг, шовинизмæй æххæст хатдзæгмæ, уымæ гæсгæ, хъуамæ ирæтты дискриминаци дарддæр конд цæуа. Евразиаг быдырон тæлмы фыццаг æрцæрджытæ, скифты-сæрмæтты индоирайнаг æмæхсæнад — ирæттæ (алантæ) бындур сæвæрдтой индоевропæйаг æппæт адæмты культурологон матрицæйæн.

Ацы ран сæвзæры фарст: ахæм уырыссаг дуне уырыссæгты æмæ иннæ бындурон адæмты хъæуы? Махмæ гæсгæ, нæ хъæуы. Уæрæсейæн хуссарирыстойнæгтимæ æмæ абхазæгтимæ вассайлаг бастдзинæдтæ кæй ис, уый бафиппайыны тыххæй хъуамæ цавæр æнæхсæст уай, Гуырдзыстоны паддзахадон сконды ма сын дæлдзинæг бынат бацамонгæйæ. Уæрæсейы Президенты хатдзæг дæр нæ фæкъæмдзæстыг кодта Дугины. Владимир Путин куыд загъта, афæмæй "Ирыстон Уæрæсейы империйы хай ссис XVIII æнусы дыккаг хай, куыд хæдбар паддзахад, Абхаз та Уæрæсейаг империмæ бацыд кънйазады хуызы...фæстæдæр цаутæ цæуын райдыдтой иумæйаг паддзахады фæлгæты: Ирыстоны хуссайраг хай бацыд Тбилисаг губернимæ, Гуырдзыстон уæд нæма уыд. Фыццаг дунеон хæсты фæстæ уæрæсейаг импери куы хæлдис, уæд Абхаз тыхæй йæ расайыны æууæлтæ бавзæрста Гуырдзыстоны 'рдыгæй. Хуссар Ирыстоны та уымæй карздæрæй архайдтой гуырдзиæгтæ 1910-1920 азты... уын ныр хонæм геноцид".

Дугин уыдæттæ ницæмæ дары, йæ уды мæгуырдзинад æй нæ уадзы.

Цæгатагирайнаг суперэтнос (киммериæгтæ-скифтæ-сæрмæттæ) дунеон цивилизацийы рæзтмæ цы стыр бавæрæн бахастой,



фыдыбæстаг æмæ фæсарæйнаг гуырæнты мыхуыргонд цы æрмæджытæ æрцыд, уыдон аиуварс кæнгæйæ мæ фæнды сæ иунæг æрхæссын. Жорж Дюмезиль куыд загъта, афтæмæй "ирæттæ сты стыр знæмты фæстаг къæртт, уыдоны Геродот æмæ незаманты иннæ историктæ æмæ географтæ хуыдтой скифтæ æмæ сæрмæттæ, роксалантæ æмæ аланты нæмттæ хæсгæйæ уыдон рацыдысты æппæт Европæйыл, сæ фæд, суанг сæ къухфыст ныууагътой Францы".

Незаманты кусæг автортæ кæй скодтой, уыцы рагон дунейы картæмæ куы æркæсæм, уæд Урайлаг хæхтæй æппæт фæзуат скæсæнæй ныгуылæнмæ Скифты æмæ Сæрмæтты ном хæссынц. Цæгатаг Китайæ Кавказмæ, дарддæр Карпаттæм æппæт фæзуæттæ цæгатагирайнæгты ингæнтæй æхгæд сты. Цы æвæджиауы артефакттæ сæ сисынц, уыдонæй дунейы музейтæ сæрыстыр сты. Нæдæр финнтæ-угойрæгтæ, нæдæр славянæгтæ, нæдæр тюркæгтæ, фæстæдæр фæзуæттыл чи цард, уыдон сæм бар нæ дарынц.

Уый паддзахадон Эрмитажы директор, академик Михаил Пиотровскийæн бар радта афтæ зæгъынæн: "...украинæгтæ скифаг сыгъзæринмæ домæнтæ кæй æвæрынц, уый диссаг у. Скифтæм æппæты хæстæгдæр украинæгтæ æмæ уырыссæгтæ не сты, фæлæ ирæттæ". Æнæбаивгæ чи у, уыцы æууæлтæ, евраизиагдзинадæн бындур æвæрæг Лев Гумилев цæгатагирайнæгты рæзты историон здыхтæг XV æнусы æрхуыдта мемориалон уавæрмæ, ома, мæлæтмæ. Кæд æмæ Центрон Кавказы сæ комкоммæ фæдонтæ алантæ ныр дæр фарнимæ цæрынц, уыдон сты скифты-сæрмæтты æмæхсæнады этногенетикон, культурон-историон фæдонтæ, уый дæр æй нæ бахъыгдардта. Ирæттæ архаикон сыгъдæгдзинадимæ бахъахъхъæдтой цæгатагирайнæгты æвзаг, сæ этникон нæмттæ, удварны культурæ, æгъдæуттытрадициты комплекс, историон зæрдылдард.

Академион наукæйæн зындгонд, хæдзарадон æмæ культурон ахасты адæмтæ, Евразийы фыццаг быдырон тæлм чи бацахста, уыдоны нырыккон фæлтæр сты алантæ (ирæттæ). Æндæр ныхæстæй, Гумилевы хатдзæгтæ алайнаг адæмы мæлæты (уырыссаг лексикæйы — XIV æнусæй — ястæ; XVIII æнусы астæуæй — ирæттæ) тыххæй æгæр æфтауæгау рауадысты. Уыцы мæнг теорийы фæстæ ацыд А. Дугин дæр. Уый Евразиаг быдыры историйы нæ федта цæгатагирайнаг фæлтæр, нæ йæ раиртæста уырыссаг адæмы историйы дæр. Афтæмæй та æвзаджы æмæ историон-культурон ахасты уырыссаг æмæ ирæтты æвзæгты 'хсæн иудзинад фæсоветон фæлгæты æндæр зын ссарæн у.

Славянаг ведикон традицимæ гæсгæ "Ирий у славянаг ведикон дзæнæт, йæ бынат ис Кавказы. Иримæ æрæмбырд вæййынц æмæ дзы бæрæгбæттæ кæнынц уæларвон Хуыцæуттæ". Чи нæ йæ зоны, уыдонæн "ир", "ирон" у цæгатагирайнæгты фыццаг ном, ныр дæр æй хæссынц. Ир, Ирыстон — Ирыстоны ном мадæлон æвзагыл. Ацы ном семæ æрхастой Ныгуылæн Азимæ нæ æнусы размæ II миназоны размæ. Ираны паддзахады ном дæр амæй цæуы (Airyana). Наукон цæстæй акæсгæйæ, этникон термин "русс" цæуы ирайнаг версийæ (ирæттæй — рухс, рокс — рухс, ирд, рухсалан, роксалан, рухс алантæ), уый тыххæй фыстой Михаил Ломоносов æмæ иннæ иртасджытæ.

Йæ рæстæджы уæрæсейаг историон наукæйы стырдæр минæвар Вернадский куыд фыста, афтæмæй ирайнаг адæмты истори у нæ фыдыбæстæйы уырыссаг историйы хай. Ахæм комкоммæ æвдисæнтæ аланты æмæ уырыссæгты тыххæй нырма бирæ ис æрхæссæн, фæлæ нæ газеты æрмæг нæ уадзы бавналын. Александр Дугины æнæуаг хъуыдытæ Евразийы историйы æмæ дзы цæгатагирайнæгтæ цы бынат ахсынц, уый онг сты мæнг. Культурæ нымæцон къорд нæу, арифметикон хынцтмæ нæ хауы, барæнтыл æй не сбардзынæ. Адæм куы фесæфынц, уæдддæр йæ культурон бынтæ баззайынц, иумæйагдунеон культурæ свæййы, цы адæм æй сарæзта, уый ном фæхæссы (шумертæ, хеттæ, римæгтæ, арамейæгтæ æмæ æндæртæ).

Аланты адæмы историон-культурон бынты нæдæр сау, нæдæр урс стъæлфытæ ис. Нæ йыл хъæуы ногæй хъуыдытæ кæнын, мæнг патриотон евразиæгты 'рдыгæй йæ ногæй фыссын нæ хъæуы. Аланты культурæйы традицитæ кæрæдзимæ лæвæрд цæуынц, номдзыд гуманитаритæ куыд зæгъынц, афтæмæй сын дунеон историографийы æнгæсдзинад нæй. Афтæмæй æцæг евразиагдзинадæн, евразиаг адæмты историйыл æмæ ландшафтон-географион алфамбылайыл æнцайгæйæ, цæгатагирайнæгты æмæхсæнады æнæ фæстаг минæвæрттæ йæ бон фæцæрын нæу. Иуварс аппарын хъæуы Гумилевы мæнг евразиагдзинад, Дугин та йæ фæстæдæр æнæзонд уавæрмæ æрхуыдта.

Афтæмæй автортæ сты диалектдзинадæй хызт, иуæрдыгæй евразиаг быдыры тæлмы цæрæг адæмтæ бындур кæмæн сæвæрдтой, уыцы традицион хæзнатæм æвдисынц æмхицдзинад, иннæрдыгæй та сæ хъус нæ дарынц, фæзуаты цæгатагирайнаг адæм кæй цардысты, уымæ (нæ дуджы размæ V миназонæй — нæ дуджы II миназонмæ). А. Дугины интервьюмæ гæсгæ, хъуамæ ацы культурæ хæссæг фæстаг адæм, ома, ирæттæалантæ, æнæмæнг гуырдзиæгты 'рдыгæй бавзарой ассимиляци (ома, сæ фесафын). Сæ рагфыдæлты сын Месопотамийæ Кавказмæ нæ дуджы I миназоны дыккаг æмбис алантæ æрбахуыдтой.

Евразиæгты цæстæнгасы бæрæг дарынц диссаджы фæзындтытæ. Алкæй дæр сæ фæнды скифтæ, сæрмæттæ, алантæ уæвын, уыцы-иу рæстæг сын сæ этникон истори æмхæццæ кæнынц, цæгатагирайнæгтæ историон аренæйæ незаманты сæхæдæг ахызтысты, зæгъгæ, дзурынц. Сæ ном сын райстой бирæвзагон стыр знæмтæ, ома, раст этникон басы хуызæн. Мæнæ куыд фæзæгъынц, ома, "Стыр Хуыцау ныххатыр нын кæн, тæригъæдджын стæм, алцыдæр нын æндæрхуызон у: мах фыццаг бынаты стæм, Хуыцауы скондтæ та — дыккаг бынаты".

Ома, кæд буар нæй, уæд хъуыддаг дæр нæй; алайнаг адæм дæр нæй, йæ культурон-историон бынтæ йын Гуырдзыстон йæхирдыгæй кæй кæны, уымæ Дугины евразиæгтæ бар нæ дарынц. Афтæмæй империаг гуырдзиæгтæ империаг Дугинимæ баиу сты. Дугин æмæ йæ евразиаг сектæ ахæм цъаммар историтæ аразынц. Йæ зондыл низ фæуæлахиз, афтæмæй Дугин аразы Евразиаг идеологи, йæ реакцион ахаст æвдисы. Уæрæсе скифтæ-сæрмæтты цивилизацийы бартæ райсгæйæ размæ цæуы, ницы йæ иу кæны мæнг химерæимæ. Ацы цивилизацийы гадзрахатæй рацæуын нымадтой адæймаджы æппæты ныллæгдæр аипдзинадыл.

Историктæ куыд нымайынц, афтæмæй евразиагдзинад у русофобийы тæссагдæр æмæ цъаммардæр хуыз. Комкоммæ Дугин йæ интервьюйы Гуырдзыстон бæрзонд систа, кæд æмæ Америкæйы разамынды ис, уæддæр, суанг æй Уæрæсейы хæлар схуыдта. Ацы интервью куы радта, уæдæй рацыд цалдæр мæйы, æмæ мах цытæ уынæм? Нæ æфсæддонтæ сæрмагонд операцийы куы архайынц, "НАТО"-йы ныхмæ Уæрæсе куы слæууыд, гуырдзиæгтæ не 'фсæддонты ныхмæ куы систы, уæд Дугин дарддæр Гуырдзыстонимæ хæлар ахастдзинæдтæ фидар кæныныл дзуры, йе скондмæ Хуссар Ирыстон æмæ Абхаз бакæныныл ссис. Йæхæдæг Мæскуыйы хъарм фатеры бады, хуссарирыстойнаг хæдбартæ та хæцынц Уæрæсейы интересты сæраппонд Новороссийы фронты хаххыл.



Дугины куырдиæттæ æнцой кæнынц мæнг тезисыл, ома, Гуырдзы Уæрæсейы ныхмæ нæ хæцы, Украинæйæн æххуыс нæ кæны. Æмæ уæд гуырдзиæгтæ кæцæй фæзындысты Украинæйы Гæрзифтонг тыхты, нæ æфсæддонты нын цæмæн марынц? Гуырдзыстонмæ æрсидтæй чи алыгъд, уыцы уæрæсейæгты тыхæй цæмæн ныффыссын кодтой, "Уæрæсе Гуырдзыстоны фæзуаты оккупант у", уый. Йæ æппæт дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ, Интернет-порталтæ уырыссаг фарста алыг кæнынæй дзаг цæмæн сты? Гуырдзыстон уымæй йе стыр уарзондзинад æвдисы Уæрæсемæ æмæ йæ бындурон адæмтæм?

Гуырдзыстоны Президент Саломе Зурабашвили агентад Бломбергæн 2023 азы, февралы, цы фидиуæн загъта, уымæн цавæр аргъ хъуамæ скæнæм: "Гуырдзыстоны фарстатæ хъуамæ уой стъолыл, Уæрæсе йæ бацахст фæзуæттæй цалынмæ ахиза, уæдмæ быцæу нæ фæуыдзæн. Уæрæсейæ хæцæнгæрзтæ æрæвæрыны æмæ æппæт хæстон дæлхайæдтæ бынтондæр рахонын куы нæ радома, уæд ныгуылæны дуне ноджыдæр ма иу рæдыд æруадздзæн, мæнæ 2008 азы æмæ 2014 азы цы рæдыдтытæ æруагъта, ахæмтæ".

Александр Дугины политикон, наукон архайдæн аргъ куы кæнæм, уæд раиртасдзыстæм, мæнг евразиагдзинады фæстæ æмбæхсы, йе 'цæг политикон цæсгом, политикон ахстбынат йæ ауон кæны. Википеди дæр ууыл дзурæг у, йæ дин ын хонынц иу лæджы уырнынад. Фæлæ фæткон дин Чырыстон динмæ цы бар дары, Дугин дзы йæхи æмæ кънйаз Багратионы хæдзары хотыхдар, амалхъом Леван Васадзейы бæтты. Ахæм змæлаг, тасаг бастдзинад уыны Уæрæсе æмæ Гуырдзыстоны 'хсæн дæр.

Дугин евразиагдзинады фæстæ æмбæхсгæйæ фæстаг дæс азы дæргъы карз радикализмы политион змæлд — троцкизм æххæст кæны. Йæхæдæг дæр æмæ йе 'мбæлттæ дæр нæ бамбæрстой, философон сыгъдæг дур Грааль Рене Геноны, Мартин Хайдегеры, Юлиус Эволæйы æмæ æндæрты куыстыты агурын кæй нæ хъæуы, уый. Уый ис цæгатагирайнæгты суперэтносы бынты, уыдон абон сты алантæ (ирæттæ). Къæлæты æддæмæ йын йæ евразиаг риторикæ, наукон хуызтæ, уæлдай ныхас куы рахæссай, уæд йе 'цæг политикон хъуыдытæ разындзысты, схонæн сæ ис империаг троцкизм, ныртæккæ национал-шовинизммæ, фашизммæ хæстæг у.

Зиллакк баиу, алцыдæр йæ бынат ссардта, ныры Дугин (2023 азы) раздæхт XX æнусы 80-æм азты кæрон 90-æм азты райдайæны Дугинмæ. Уымæй бамбарæн ис йæ уарзондзинад Гуырдзыстонмæ, уымæн йæ политикон æмæ дины разамынд Звиад Гамсахурдиа, Патриарх Илия II, ссæдзæм æнусы кæрон Аланыстоны Хуссары хайы геноцид æххæст кодтой. Дунеон æмвæзады экспертæ уыдæттæ фашизмы фæзындтытыл банымадтой. Фæссоветон рæстæг Гуырдзыстоны политикон сконд Андрей Сахаров схуыдта чысыл импери.

Ныры цаутæ куыд æвдисынц, афтæмæй, хъыгагæн, Украинæ дæр хи импери саразыны фæндагыл ацыд. Уым уырыссæгтæн сарæзтой, ныббыхсæн кæмæн нæй, ахæм дискриминацион æвирхъау уавæртæ. Ацы ран бæрæг дары политикон æртæкъуымон: империаг Дугин, чысыл Гуырдзыйы разамынд, гуырдзиаг чи нæу, уыдон адæмыл нымад кæмæ не сты, уыдон, æмæ уырысы удæгасæй Одессæйы басудзæг Украинæ.

Дугин, гуырдзиаг порталæн 2021 азы цы интервью радта, уым ахызт хæрзæгъдаудзинады æппæт бæрцыты сæрты. Мах æм æрмæст иунæг фарст дæттæм: раздæрау Хуссар Ирыстон æмæ Абхазы фæстæмæ гуырдзиаг империаг паддзахаддзинадмæ тъыссыс? Кæд афтæ у, уæд хъуамæ Хъырымы, Донецкаг æмæ Луганскаг Адæмон Республикæтæ, Херсоны, Запорожьейы облæсттæ Уæрæсейы Федерацимæ кæй бацыдысты, уымæ дæр йæ ахаст равдиса.

Евразиаг Дугин геополитикæмæ арæх здæхы, цалдæр хъуыдыйы зæгъдзыстæм. Уæрæсе сæрмагонд æфсæддон операци Украинæйы кæй райдыдта, уый раст у. Фæлæ ма йæ хъуыд историон-культурон, идеологон компоненттæй сфидар кæнын. Хъуамæ Уæрæсейы разамынд Украинæйы æмæ фæссоветон фæлгæты политикæйы бавæрдтаид историон-культурон хатдзæгтæ, ам мæ фæнды дыууæ индоевропейаг адæмы — уырыссæгтæ æмæ аланты историон хъысмæтты иудзинад бацамонын.

Украинæгтæ æппынæдзух рæгъмæ хæссынц чысылуæрæсейаг зæххытæм бар кæй дарынц, уыцы хатдзæг. Фæлæ дунеон историографи, политикон географи куыд амонынц, афтæмæй ног азнымадмæ гæсгæ æрдæгсакъадах Хъырым, иннæ фæзуæттæ уыдысты цæгатагирайнаг суперэтносты: киммертæ-скифтæ-сæрмæтты. Уыдæттæ академион наукæйы ссардтой бынат æмæ сыл дзурын нал хъæуы. Райсæм-ма Украинæйы сæйраг дон — Днепр кæнæ ма Днестр, Дон, Дунай райсæм. Рацыдысты алайнаг "дон"-æй.

Афтæмæй Еврази куы æвзарæм, уæд уыдзæн Европæ æмæ Ази, йæ британаг равзæрд рабæрæг уыдзæн. "История Британии" æмæ æндæр гуырæнтæ куы исæм, уæд ном "Алан" у Европæйы эпоним. Азийы ном фæзынд цæгатагирайнæгты нæмттæй иуæй: аз, яс, ос, уыдонæй XVIII æнусы уырыссæгтæ мах "осетин"-тæ схуыдтой. Цæгатаг Китайæ Британийы сакъадæхтæм иранизмтæй фæзуæттæ æхгæд сты. Рухсы адæм сæ уддунейы Рухс иннæ адæмтæм хастой. Иу хуызæй æрмæст уыцы хуыз фæзындзæн. Ныртæккæ Новороссийы Уæрæсейы æфсады хъæбатырæй хæцынц Цæгат æмæ Хуссары минæвæрттæ.

Уæрæсе Украинæйы фæзуатыл цæстдард кæй æвæры, уый кæйдæр зæххытæ байсынау нæу. Хъуамæ ацы объективон уавæр Уæрæсе ныгуылæны арæнтыл скæна йæ æддагон политикон сæйраг бындур. Хъуамæ Гуырдзыстонимæ политикон хъазтæй иуварс ахиза, уым Аланыстон æмæ алантæн 100 азы дæргъы амынæты бахауæг адæмы бынат дæттынц.

Йæ паддзахадон идеологийы уартыл цæгатагирайнаг суперэтносы хæзнатæ сисгæйæ (ныры алантæ), Уæрæсе суыдзæн æппæт индоевропæйаг дунейы центр. Уыцы дунемæ бахызтысты англосакстæ, италийæгтæ, романæгтæ, скандинавæгтæ, гермайнæгтæ, славянæгтæ, кельттæ, ома, Цæгатагатлантикон альянсы апп. Уый фадат ратдзæн æнæтыхæй нырыккон дунесконд раивынæн. Историон æгъдауæй дыууæ индоевропейаг адæмы — уырыссæгтæ æмæ ирæтты хъысмæт Уæрæсейæн бар ратдзæн ацы фæзуæттæм цæст дарынæн. Уыцы барæн фæзынд нымад историон æмæ политикон характер.

Ацы хъуыдытæ дунеон æмвæзадмæ рахæссыны размæ хъуамæ Хуссар Ирыстон суа Уæрæсейы Федерацийы хай, уый фæстæ йæ Цæгат Ирыстонимæ баиу кæнгæйæ, федеративон ахастыты ног субъект — Аланийы Республикæ дзы рауайдзæн.

**ДЗАНАЙТЫ Хадзымæт,
Цæразон Ос-Бæгъатыры номыл
Национ рæзты институты директор**



Спортивон фидиуæг



Футбол

# "Аланыстон" фæцис хæрæгсаст

**Ивгъуыд къуырийы фæстаг бонты Уæрæсейы фыццаг къорды футболон чемпионаты командæтæ акодтой 32-æм туры хъæзтытæ.**

Дзæуджыхъæуы "Аланыстон" уазæгуаты фембæлд Тольяттийы командæ "Акрон"-имæ.

"Аланыстон"-ы рæнхъыты уыдысты: **№1 — Ростислав Солдатенко, №19 — Бутаты Аллон (78' — Хæбæлаты Алан №77), №15 — Хъоцыты Хетæг, №57 — Плиты Константин, №4 — Хъæцмæзты Сослан, №80 — Хосонты Хетæг, №93 — Заур Торба (46' — Цоциты Алан №11), №22 — Цæраты Алан, №78 — Андрей Мазурин (46' — Гуырцъыты Батрадз №7), №99 — Николай Гиоргобиани, №20 — Артур Галоян (73' — Ислам Машуков №44).**

Хъазтæн йæ райдайæнæй кæронмæ пурти фылдæр рæстæг уыдис алайнæгтæм. Цал æмæ цал хатты уыдысты хæрз хæстæг фысимты дуары пурти бакъуырынмæ, фæлæ та иу сын цыдæр нæ фæрæстмæ. Фысимтæ хъæбатырæй хъахъхъæдтой сæ арæнтæ, æмæ сæ цыма размæ абырсын рох фæцис, афтæ се 'ппæт тыхтæ дæр сарæзтой сæ иварон фæзы алыварс фыдбылызæй бахизынмæ. Бæргæ хæстæг уыдысты фæйнæ цалдæр хатты хыгъд байгом кæнынмæ Николай Гиоргобиани, Хосонты Хетæг, Артур Галоян, Хъæцмæзты Сослан, Гуырцъыты Батрадз, фæлæ сæ иуæн дæр нæ бантыст уæлахизхæссæг рæстдзæвин разынын.

Хъазт ахицæн 0:0 хыгъдæй, æмæ, "Аланыстон" 56 очкойы æрæмбырд кæнгæйæ, дарддæр цæуы 3-аг бынаты. Уыцы бынат нæ командæйæн фадат дæтты уæлдæр къорды командæтæй 13-14 бынæттæ чи бацахса, уыдонæй иуимæ уæлдæр къордмæ (премьер-лигæмæ) бахауынил æвзарæн хъазты фембæлынæн. Уымæн та гæнæн уыдзæн, Дзæуджыхъæуы стадион нырткæккæйы домæнтæм гæсгæ арæзт куы 'рцæуа, уæд.

32-æм туры хъæзтытæ ахицæн сты ахæм хыгъдтимæ: **"Акрон" — "Аланыстон"** — 0:0, "СКА-Хабаровск" — "Волгар" — 2:0, "Енисей" — "Нефтехимик" — 2:2, "Уфа" — "КамАЗ" — 1:0, "Динамо" (Махачкала) — "Волгæ" (Ульяновск) —0:2, "Краснодар-2" — "Велес" (Мæскуы) — 5:2, "Балтикæ" — "Рубин" — 0:1, "Родинæ" — ПФК "Хъубан" — 2:2, "Арсенал" (Тула) — "Шинник" (Ярославль) — 0:1.

"Аланыстон" 33-æм туры Грознайы фембæлдзæн "Балтикæ"-имæ. Хъазт цæудзæн 27 майы Грознайы сæйраг стадион "Ахмат-арена"-йы.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**



| Командæтæ | Хъ | Р | Æ | Х | П | О |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. Рубин | 32 | 18 | 11 | 3 | 51-27 | 65 |
| 2. Балтикæ | 32 | 17 | 13 | 2 | 53-26 | 64 |
| 3. **Аланыстон** | **32** | **15** | **11** | **6** | **51-33** | **56** |
| 4. Енисей | 32 | 12 | 14 | 6 | 41-35 | 50 |
| 5. Родинæ | 32 | 12 | 10 | 10 | 41-38 | 46 |
| 6. Динамо (Махачкала) | 32 | 12 | 10 | 10 | 24-25 | 46 |
| 7. Волгар | 32 | 11 | 11 | 10 | 37-34 | 44 |
| 8. Шинник | 32 | 12 | 7 | 13 | 35-37 | 43 |
| 9. СКА-Хабаровск | 32 | 10 | 11 | 11 | 44-38 | 41 |
| 10. КамАЗ | 32 | 10 | 11 | 11 | 34-34 | 41 |
| 11. Нефтехимик | 32 | 10 | 11 | 11 | 30-33 | 41 |
| 12. Арсенал | 32 | 11 | 8 | 13 | 37-39 | 41 |
| 13. Акрон | 32 | 8 | 16 | 8 | 32-35 | 40 |
| 14. Хъубан | 32 | 8 | 10 | 14 | 34-38 | 34 |
| 15. Велес | 32 | 9 | 6 | 17 | 33-51 | 33 |
| 16. Уфа | 32 | 8 | 8 | 16 | 34-42 | 32 |
| 17. Волгæ | 32 | 6 | 11 | 15 | 23-40 | 29 |
| 18. Краснодар-2 | 32 | 6 | 7 | 19 | 25-54 | 25 |

Бæрæгбоны кадæн

# Мадæлон æвзаг — сабитæн

**Ирон æвзаг æмæ литературæйы къуырийы фæлгæты нæ республикæйы арæзт цæуынц алыхуызон мадзæлттæ. Афтæ Дзæуджыхъæуы Кучиты Юрийы номыл 27-æм скъолайы ацыд мадæлон æвзаджы бæрæгбон. Ахуыргæнджытæ сæ ахуырдзаутимæ бацæттæ кодтой аив мадзал.**

Азæлыдысты Цæгат Ирыстоны гимны зæлтæ, сывæллæттæ акафыдысты уæздан хонгæ-кафт, æрдзырдтой Хетæгкаты Къостайы "Ирон фæндыр"-ы ахадындзинадыл — йæ рауагъды бонимæ баст у Ирон æвзаг æмæ литературæйы бон.

— Æхсызгон мын у, кæй нæм æрбацыдыстут, уый. Ацы мадзал бацæттæ кодтам Ирон æвзаджы бæрæгбоны кадæн. Не скъолайы ирон æвзагмæ уарзон цæстæй кæсынц. Нæ ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ та лæууынц нæ республикæйы хуыздæр специалистты æмрæнхъ, — загъта Дзæуджыхъæуы Кучиты Юрийы номыл 27-æм скъолайы сæргълæууæг **Джимиты Галинæ.**





Мадзалы фæлгæты ЦИПУ-йы социалон-гуманитарон дисциплинæты кафедрæйы сæргълæууæджы хæдивæг **Дзахаты Ларисæ** схорзæхджын кодта Галинæйы Кады гæххæттæй. Уымæй уæлдай, мадзалы архайдтой æхсæнадон организацитæ "Иры Стыр Ныхас"-ы æмæ Иры сылгоймæгты Стыр ныхасæй **Моргуаты Едислав, Токаты Ольгæ, Джусойты Нинæ** æмæ ирон интеллигенцийы минæвæрттæ.

Мадæлон æвзаг нæ сабибонтæй хъуамæ зонæм, рæстæгимæ та нæ зонындзинæдтæ фылдæрæй-фылдæр хъуамæ кæной. 27-æм скъолайы кæстæртæ куыд бацархайдтой кадджын мадзалы, уымæй ис скæнæн ахæм хатдзæг — ирон æвзаг никуы фесæфдзæн.

**ГОБОЗТЫ Агуындæ**

Номарæн акци

# Не 'мзæххонтæ фæсарæнты

**Кубæйы Плиты Иссæйы бюстыл сæвæрдтой дидинджытæ. 2020 азы 9 майы Советон Цæдисы дыууæ хатты Хъæбатыр, Монголы Адæмон Республикæйы Хъæбатыр Плиты Иссæйæн бюст æвæрд æрцыд Кубæйы. Ацы бонты йæ бабæрæг кодта æмæ йыл дидинджытæ сæвæрдта не 'мзæххон, чырыстон дины Хъазайнаг Мады-Майрæмы дзуары нывы аргъуаны сауджын Гаглойты Саввæ.**

**Нæ уацхæссæг**



2023 — Нартиадæйы аз

# Кæцæй цæуынц этнонимтæ "ИР", "НАРТ" æмæ "АЛЛОН?"

**1926 азы лингвист Абайты Васо ацы терминты тыххæй афтæ фыста: "Откуда же идет термин "ИР"? — "Априори естественно думать, что он идет оттуда же, откуда идут и другие осетинские этнические термины "дигор", "туал", "нарт" и др. из кавказского этнического мира".**

Рагон дунейы (нæ эрæйы V æнусы агъоммæ) картæтæм куы æркæсæм, уæд фендзыстæм, нырыккон Ир, Афганистан æмæ Таджикистаны фæзуатыл кæй уыдысты бæстæтæ Ариана, Бактриана æмæ Согдиана. Нырыккон европæйаг æвзæгтæй иутæн æнхъæл сты **Арианæйы** бæстæйæ рацæугæ.

Нæ аргъæутты арæх æмбæлы этноним **"аллон-биллон"**, нæртон таурæгъты дæр нæртон лæг Сослан уæйгуытæм куы бахауди, уæд æй **"аллон"** хуыдтой. Йæ равзæрды тыххæй Абайты Васо фыста афтæ: "Исходя из древне-иранского **"ариана"**, мы должны были закономерно получить в осетинском... **"аллон"**. Уæдæ **"аллон"** дзырд у этноним **"ариана"** æмæ **"алан"**-ы ирон фольклорон вариант.

Уæд **"Ир"** та? Нæ рагондæр сыхæгтæ — мæхъхъæл, цæцæн, авар æмæ æндæртæ, стæй нын нæхи хонынц æмæ хонæм **"Ир", "гъири"**. Æмæ уый тыххæй Абайты Васо бæрæг кæны нæ хæхты "был народ **"ер" ("ир")**, смешавшись с северными пришельцами-алонами (аллон-ами), он дал свое название самому многочисленному из образовавшихся, в результате такого смешения осетинских племен, ironскому.

Уæдæ, кæд **"аллон"** рагон аланы ном уыди, уæд **"ир"** та уыдзæн нæ кавказаг фыдæлтæ Рагон Хъобанæй баззайгæ. VII æнусы иу сомихаг географ ранымадта адæмты "начиная с запада и направляясь к востоку" æмæ фыссы: "За Дигорами в области Ардоз Кавказских гор живут аланы. Дыгурæн хурыскæсæнырдыгæй цардысты æмæ ныр дæр цæрынц ир, æмæ сæ географ хоны алан, дыгуры та хоны сæхи номæй. Æрдуз, зæгъгæ, та хоны ныры Терк — Æрыдоны быдыртæ, уæд дзы æнæхъæд-æрдуз бынæттæ уыди ир — аланы хъæутæ. Стæй уый фæстæ дыгуры дæр иннæ географтæ хонынц — алан.

Этноним **"туал"**-ы вариантæ æрхастой географтæ А. И. Робакидзе æмæ Г.Г. Гегечкори афтæ": "Этноним, посредством которого черкесы обозначают осетин, в частности **"хъуывсха** (хъопсха) буквально означает горцы, что соответствует абазин, **"тапантæ"**, балкар, **"таулу"**, авар, **"маарулал"**, грузинскому **"мтиули"** и.т.д. Уæдæ, æвæццæгæн, **"тау+ли"** нысан кæны **хох+аг, хæхх+он** — афтæ хуыдтой кæддæр быдырон адæм хæххон цæрджыты æмæ этнонимтæ систы.

Этноним **"нарт"**-æн дæр ис иннæ рагон этнонимтæ грамматикон миниуджытæ, уый дæр нысан кæны бæстæйы ном дæр æмæ адæмы ном дæр: **Ир, ир; Дыгур, дыгур: Ассы, ассы; Уæрæсе, уырыс; Нарт, нарт**. Адонмæ бирæон нымæцы фæсæфтуантæ не 'фты, нæ дзурынц **"ир-тæ"**, "**мæхъхъæлтæ"** æмæ афтæ дарддæр.

Цæмæй этнониммæ фæсæфтуан **"тæ"** бафта, уый тыххæй уал дзы саразын хъæуы иу персонæйы, иу индивиды этноним фæсæфтуантæ **"он"** кæнæ **"аг"** бафтаугæйæ", гъе стæй уæд уымæ æфты бирæон нымæцтæ.

Ир — дыгур — ассы — асы — туал

Ирон — дыгурон — ассон — асыйаг — туаллаг

Ирæ(н)ттæ — дыгурæттæ — ассонтæ — ассыйæгтæ — туаллæгтæ

Уæдæ **"нарт"** дæр у, иннæ этнонимтау, адæмы хатт нысангæнæг ном, мыггаг нæ, фæлæ (æрмæст иуæйиу таурæгъгæнджытæ æмæ фысджытæ дзы уынынц фæсæфтуантæ"-тæ æмæ мыггаджы ном).

**БЯЗЫРТЫ Алыксандр**
*(ахуыргонды архивæй)*

Барад

## Фыдгæнæджы — ахæстонмæ

**Кардæй адæймаджы барæхойынæй кæуыл гуырысхо кæнынц, Дзæуджыхъæуы пъæлицæйы кусджытæ ахæм 31-аздзыд цæгатирыстойнаг нæлгоймаджы баурæдтой.**

Куыд рабæрæг, афтæмæй горæты æхсæвыгонкусæг клубтæй иумæ бацæуæг лæппуты 'хсæн ацы кусæндоны цур рауад хыл. Хъыгдардбаййафæг нæлгоймаг баиргъæвын кæй бафæлвæрдта, уыцы хылгæнджытæй йæ иу кардæй барæхуыста æмæ фыдбылызы бынатæй афардæг. Медиктæ кæмæн баххуыс кодтой, уыцы хъыгдардбаййафæг адæймаджы æнæниздзинадæн тæссаг ницæмæй у. Закъонхалæг лæппуйы баурæдтой, баластой йæ пъæлицæйы хайадмæ æмæ йын йæ хъуыддаг æвзарынц.

Хъаугъа кæм рауад, уыцы æхсæвыгонкусæг клубы бирæ аиппытæ кæй раргом сты, уымæ гæсгæ йæ сæхгæдтой.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ**

Хъомылад

# Беслæныхъæуккаг ногдзаутæ



**Фæскомцæдисы ветерантæ стыр куыст кæнынц Рахизфарсы районы рæзгæ фæсивæдимæ. Уыдон арæх æмбæлынц скъоладзаутимæ, зонгæ сæ кæнынц кæддæры ногдзаутæ æмæ фæскомцæдисонты цард æмæ архайдимæ.**

**Кадджын уавæры сбæрæг кодтой районы скъолаты Ногдзауты иугонды равзæрды 101 азы бон. Цыппæрæм скъолайы ногдзаутыл бафтыд ног уæнгтæ — ахуыр æмæ æхсæнадон архайды раззагдæртæ.**

**Уый тыххæй нын фехъусын кодта æхсæнадон организаци "Цæгат Ирыстоны фæскомцæдисы ветерантæ"-йы Рахизфарсы районы хайады сæрдар БИБЫЛТЫ Светланæ.**

**Нæ уацхæссæг**

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

Защита сада от вредителей.
Профессиональная санитарная обработка (опрыскивание) плодовых деревьев и кустарников винограда, цветов.
Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).

Бытъæты Роберты бинонтæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц Уырымты бинонтæн,
**УЫРЫМТЫ**
**Хъауырбеджы фырт Петр**
кæй амард, уый тыххæй.

Номыры радхæссæг редактор — **Гугкаты Жаннæ.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
**Дизайн:** 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;** 3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;** 2-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;** 3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;** 4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3446.
Заказ № 595.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**